**SUMMARY**
The article is devoted to the study of issue of human emotions, which are national values through physical education and sports activities for students of grades 1-4.

## MATEMATIKANÍ OQÍTÍWDA QÁTELER ÚSTINDE ISLEW USÍLLARÍ

**M.Asqarov** – *fizika-matematika ilimleriniń kandidatı, docent*
**R.Koshkarbaeva** – *assistent oqıtıwshı*
**A.Tursınbaeva** – *magistrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik padagogikalıq institutı*

**Tayanch sózlar:** o'qitish jarayoni, xarakterli xatolar, nato'g'ri yechimlar.
**Ключевые слова:** процесс обучения, характерные ошибки, неправильные решения.
**Key words:** learning process, characteristic errors, wrong solutions.

**I.** Qáteler ústinde islew oqıwshılardıń bilim hám uqıplarındaǵı kemshiliklerdi basıp ótiwdin tiykarǵı formalarınıń biri bolıp esaplanadı. Eger ol epizodlıq qubılıs bolmay turaqlı túrde oqıwshınıń dıqqat orayında bolsa bul jumıs úlken payda keltiredi.

Oqıwshılardıń ózleri jibergen qátelerdiń mazmunın tallap bul qátelerdiń dáregin anıqlaw bilimlerdi ańlı ózlestiriwge múmkinshilik beredi. Qálegen qáteni hár bir qaǵıydanıń, hár bir túsiniktiń, hár bir teoriyanıń ishine ele de kirip barıw ushın paydalanıw kerek boladı. Qátelerdi talıqlaw oqıwshınıń qáte menen tanısıwı hám onı puxta analizlep keyin bunday qáte jibermewge múmkinshilik beredi. Bunnan basqa qáteler ustinde islew anıqlama, teorema dáliline erisiw ushın jaqsı qıral bolıp xızmet etiwi múmkin. Qátelerdi tallaw arqalı oqıwshılar oziniń juwabındaǵı hár bir sózin dúzetip tolıqtırıwdı uyrenedi.

Qáteler ústinde maqsetke baǵdarlanǵan jumıs matematikanı oqıtıw procesinde payda bolatuǵın qátelerdi sistemalastırıwdı talap etedi. Bunda qátelerdiń ayırım mısalları emes, al olardıń payda bolıw sebepleriniń ulıwmalıǵın, olar ústinde islew metodikasınıń ulıwmalıǵı menen biriktirilgen qáteler toparı sheshiwshi rol oynaw kerek. Qátelerdi bunday sistemalastırıw olardı dúzetiwdiń jolların hám eń baslısı keleshekte qátelerdiń aldın alıwǵa imkaniyat jaratadı.

Oqıwshılardıń jańa túsinikler menen jumıs islegende jol qoyatuǵın eń kóp xarakterli qátelerin atap óteyik:[3]

1. Oqıwshılarda kóplikler teoriyası túsiniginiń qáliplesiwinde olardıń dıqqatsızlıǵına baylanıslı bolǵan qáteler hám shalalıqlar.

- kóplik túsiniklerin, kópliktiń elementleri, tiyisli bolıw qatnası, kópliklerdiń teńligi, úlesi tusiniklerin dál anıq iyelenbegenine baylanıslı boladı.

- kópliklerdiń birigiwi hám kesisiwi ámellerin jetkilikli dárejede anıq iyelemegenine baylanıslı bolǵan qáteler.

2. Túsiniklerdi klassifikaciyalawdı durıs túsinbegenine baylanıslı bolǵan qáteler.

- oqıwshılardıń logikalıq tayarlıǵınıń jetkiliksizligine baylanıslı bolǵan qáteler.

- logikalıq kelip shıǵıw túsinigin ańlawdıń jetkiliksiz ekenine baylanıslı qáteler.

3. Teoremanıń dúzilisin túsinbegenine baylanıslı qáteler.

- aytımlardıń dizyunkciyası hám konyunkciyası túsinigine baylanıslı qáteler.

- tuwrı hám keri teorema arasındaǵı hám ulıwma teoremalar túrleri arasındaǵı baylanıslardı túsinbewshilikten payda bolǵan qáteler.

- kerekli, jetkilikli, kerekli hám jetkilikli terminlerin qollanıw hám tusiniwdegi qáteler.

- qarsıdan dálillew metodın tusinbewdegi qáteler.

4. Oqıwshılardıń túsiniklerdi ulıwmalastırıw hám konkretlestiriw waqtında jiberiletuǵın qáteleri.

- túsiniktiń kólemi hám mazmunın túsinbewine baylanıslı qáteler.

- túsiniklerdiń qásiyetlerin úyrengende ulıwmalastırıw hám konkretlestiriwge jol qoyatuǵın qáteler.

5. Nızamlıqlardı ulıwmalastırıwǵa baylanıslı qáteler.

- nadurıs analogiyanı qollanıw natiyjesinde payda bolǵan qáteler

6. Oqıwshılarǵa ózin-ózi qadaǵalawdıń kemligi hám tiyanaqsızlıǵı nátiyjesinde kelip shıǵatuǵın qáteler.

Atap ótilgen qáteler hám shalalıqlar oqıtıwdıń barlıq basqıshında payda bolıwı múmkin.

**II.** Qáteler ústinde islewdiń bazi bir metodların qaraymız:

1. Qátelerdiń aldın alıw hám dúzetiw boyınsha maqsetke baǵdarlanǵan is ilajlardı iske asırıw ushın oqıtıwshıǵa oqıwshılardıń qátelerin sistemalı úyreniw, olardıń arasında eń kóp turaqlı hám ádetke aylanǵan qátelerdi anıqlaw hám esapqa alıw kerek boladı. Oqıtıwshıǵa oqıwshılardıń ádetke aylanǵan qátelerin, olardıń kelip shıǵıw sebeplerin hám de payda bolıw formaların biliw, oǵan qátelerdiń payda bolıwın eskertiwge hám aldınnan kóriwge múmkinshilik beredi.

Bul bir tárepleme juwmaq shıǵarıw hám nadurıs ulıwmalastırıwdıń payda bolıwına irkinish jasaytuǵın shınıǵıwlardı tańlap alıw jolı menen iske asırıladı.

Oqıtıwshı tárepinen dizimge hám esapqa alınǵan oqıwshılardıń tıyanaqlı hám ádettegi qáteleri oǵan oqıwshılar neni túsinbeydi hám neni jaman ózlestirgenin ornatıwǵa járdem beredi, bul oqıtıwshıǵa oqıwshılardıń bilimlerindegi kemshiliklerdi óz waqtında saplastırıwǵa hám usı sıyaqlı qátelerdiń keleshekte takirarlanıwınıń aldın alıw maqsetinde oqıtıwǵa sáykes dúzetiwler kiritiwine múmkinshilik tuwdıradı [3].

Oqıwshılar tárepinen jiberilgen qátelerdiń mánisin anıqlaw ushın bunday qáte sheshimge alıp keliwshi talıqlaw jolın baqlaw, qáteler tuwılatuǵın basqıshtı anıqlaw kerek boladı, sebebi kópshilik jaǵdaylarda hár bir qáte sheshimbul oqıwshılar oylawınıń qanday da bir jolınıń natiyjesi. Ayırım jaǵdaylarda, hátte, bir mısaldı sheshiwdiń ózinde oqıwshı bir neshe ret qátelesiwi múmkin. Tájiriybe kórsetkenindey, kóbinese oqıwshılarǵa barlıq material emes al tek onıń qandayda bir bólegi túsiniksiz boladı. Oqıwshınıń dál neni túsinbegenin anıqlap, oqıtıwshı bul materialǵa barlıq dıqqatın aydarıp úyrenilgen momentlerine kóp shalǵımaydı.

Oqıwshılar tárepinen jiberilgen qáteler tek olardıń bilimleriniń kemshiligi haqqında ǵana emes al, olardıń múmkinshilikleri haqqında da guwalıq beredi.Bul qáteler oqıwshılar aldına qoyılatın problemanıń kórsetkishi bolıp xızmet etedi, al ayırım jaǵdaylarda berilgen momentte háreketti rawajlandırıw ushın kerek bolǵan problemalıq jaǵdaydıń dúziliwine tikkeley alıp keledi.

Kóp qáteliklerden aldın alıw hám dúzetiw ushın oqıwshılarda ózin qadaǵalaw kónlikpesin qáliplestiriw áhmiyetli boladı.

Oqıw procesinde oqıwshılardıń jibergen qátelerin ańlaw hám olardı óz waqtında dúzetiwge iytermeleytuǵın ózin qadaǵalawdıń bir neshe usılları qollanıladı. Olarǵa mınalar kiredi: esaplawlardı tekseriw hám birdeylikli túrlendiriwlerdi keri ámeller orınlaw jolı menen yamasa túrlendiriw; máseleniń sheshiliwiniń durıslıǵın berilgenge keri máseleler dúziw hám shehsiw arqalı tekseriw; analitikalıq sheshiwdi grafikalıq usıl menen, taqılawlardıń durıslıǵın Eyler dóńgelekleri járdeminde tekseriw hám t.b. Ózin qadaǵalaw kónlikpesine siniǵıwda kútilgen nátiyjeni juwıq bahalaw usılıda járdem beredi. Kútilgen juwaptıń

múmkinlik shegaralarıń ornatıw jazıwdaǵı cifrlardıń qalıp qoyǵan shalalarınıń aldın aladı.

Oqıtıw procesinde ulıwma, al ásirese, qáteler ústinde islegende keri baylanıs áhmiyetli boladı. Oqıtıwshı tárepinen turaqlı túrde iske asırılatuǵın keri baylanıssız oqıwshı neni túsinbeydi hám ne sebep túsinbeydi, onıń qáte túsiniwiniń sebebi nede ekenin anıqlaw múmkin emes boladı.

Oqıwshılar tárepinen mısal hám máseleler sheshiwde jiberiletuǵın qáteler hám olardıń aldın alıw ushın eń dáslep oqıwshılardıń teoriyalıq bilimlerdi tereń iyelewine erisiwimiz kerek. Sonıń menen birge sabaqlarda turaqlı túrde qáteler menen islewdi jolǵa qoyıw kerek boladı. Oqıwshılardıń jazba jumıslarında jiberilgen qátelerdi talıqlap keleshekte qátelerdi boldırmaw jollarınıń birin tómendegi mısallar sistemasında qarap ótemiz.[2-4]

**1- mısal.** $\beta$ nıń qanday mánisinde $(\beta-1)x^2-2(\beta+1)x+\beta-2=0$ teńleme bir korenge iye boladı?

Nadurıs sheshimi. Kvadrat teńleme $ax^2+bx+c=0$ diskrimenanti $b^2-4ac=0$ bolǵanda bir korenge iye boladı. Esaplaymız

$$D=b^2-4ac=4(\beta+1)^2-4(\beta-1)(\beta-2)=4(5\beta-1).$$

$D=0$ bolǵanda, $\beta=\frac{1}{5}$ boladı. Nadurıs juwap: $\left\{\frac{1}{5}\right\}$.

Durıs sheshimi. Berilgen teńleme $\beta-1\neq0$ bolǵanda kvadrat teńleme boladı. Ol $\beta-1=0$ bolǵanda sızıqlı teńlemege aylanadı. Demek, eki jaǵday bolıwı múmkin:

1) $\beta\neq1$. Diskrimenanttı esaplaymız:

$$D=4(\beta+1)^2-4(\beta-1)(\beta-2)=4(5\beta-1)$$

$D=0$ bolǵanı ushın $\beta=\frac{1}{5}$ iye boladı;

2) $\beta=1$. Berilgen teńlemege $\beta=1$ qoyamız hám bir korenge iye bolǵan $-4x-1=0$ teńlemege iye bolamız.

Durıs juwap: $\left\{\frac{1}{5};1\right\}$.

**2-mısal.** Teńlemeni sheshiń. $\sqrt{x}(x^2-1)=0$

Naduris sheshimi:

$$\left(\sqrt{x}(x^2-1)=0\right)\Leftrightarrow(x=0\ \text{yamasa}\ x^2-1=0)\Leftrightarrow$$
$$\Leftrightarrow(x=0\ \text{yamasa}\ x=1\ \text{yamasa}\ x=-1)$$

Nadurıs juwap: $\{0;-1;+1\}$

Durıs sheshimi. 1- usil. Teńlemeni túrlendiremiz

$$\left(\sqrt{x}(x^2-1)=0\right)\Leftrightarrow\left(\begin{cases}\sqrt{x}=0,\\ x^2-1\ \text{mániske iye}\end{cases}\text{yamasa}\ \begin{cases}x^2-1=0\\ \sqrt{x}\ \text{mániske iye}\end{cases}\right)$$
$$\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x=0,\\ -\infty<x<+\infty\end{cases}\text{yamasa}\ \begin{cases}x=\pm1\\ x\geq0\end{cases}\right)\Leftrightarrow(x=0\ \ \text{yamasa}\ \ x=1)$$

2-usıl. Anıqlanıw oblastı: $x\geq0$ tómendegi túrlendiriwdi orınlaymız:

$$\left(\sqrt{x}(x^2-1)=0\right)\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq0,\\ \sqrt{x}=0\end{cases}\text{yamasa}\begin{cases}x\geq0,\\ x^2-1=0\end{cases}\right)\Leftrightarrow$$
$$\Leftrightarrow(x=0\ \ \text{yamasa}\,x=1).$$

Durıs juwap: $\{0;1\}$

$\sqrt{f(x)}=g(x)$ túrdegi teńlemelerdi kvadratqa kótergenimizde, ádette, anıqlanıw oblastına tiyisli bolǵan jat korenler payda boladı. Olardı alınǵan nátiyjelerdi tekserıw arqalı anıqlaw múmkin: barlıq korenlerdi izbe-iz qoyamız.

$\sqrt{f(x)}=g(x)$ túrdegi teńlemelerdi kvadratqa kótergende, eger qosımsha shárt qoysaq anıqlanıw oblastına tiyisli bolǵan jat korenler bolmaydı: $g(x)\geq0$, yaǵnıy

$$\left(\sqrt{f(x)}=g(x)\right)\Leftrightarrow\left(\begin{cases}f(x)\geq0,\\ g(x)\geq0,\\ f(x)=g^2(x)\end{cases}\right)\Leftrightarrow\left(\begin{cases}g(x)\geq0\\ f(x)=g^2(x)\end{cases}\right)$$

**3-mısal.** Teńlemeni sheshiń.

$$\sqrt{x+1}+\sqrt{2x+3}=1.$$

Nadurıs sheshimi. Anıqlanıw oblastın tabamız:

$$\left(\begin{cases}x+1\geq0\\ 2x+3\geq0\end{cases}\right)\Leftrightarrow(x\geq-1)$$

Teńlemeni túrlendiremiz:

$$\left(\sqrt{x+1}+\sqrt{2x+3}=1\right)\Leftrightarrow\left(\sqrt{2x+3}=1-\sqrt{x+1}\right)\Leftrightarrow$$
$$\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq-1\\ 2x+3=1-2\sqrt{x+1}+x+1\end{cases}\right)\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq-1\\ x+1=-2\sqrt{x+1}\end{cases}\right)\Leftrightarrow$$
$$\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq-1\\ x^2-2x-3=0\end{cases}\right)\Leftrightarrow(x=3\ \text{yamasa}\ x=-1)$$

Nadurıs juwap: $\{-1;3\}$

Durıs sheshimi: *1- usıl.* Anıqlanıw oblastı: $x\in[-1;+\infty)$.

Iye bolamız:

$$\left(\sqrt{x+1}+\sqrt{2x+3}=1\right)\Leftrightarrow\left(\sqrt{2x+3}=1-\sqrt{x+1}\right)\Leftrightarrow$$
$$\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq-1\\ 2x+3=1-2\sqrt{x+1}+x+1\end{cases}\right)\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq-1\\ x+1=-2\sqrt{x+1}\end{cases}\right)\Leftrightarrow$$
$$\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq-1\\ x^2-2x-3=0\end{cases}\right)\Leftrightarrow(x=3\ \text{yamasa}\ x=-1).$$

Teńlemeni jup dárejege kótergenimiz ushın, kelip shıqqan juwaplardı tekserip kóremiz, berilgen teńlemege qoyıp, $x=3$ koreni teńlemeni qanaatlandırmaytuǵının túsinemiz.

*2-usıl.* Túrlendiriwdi orınlaymız.

$$\left(\sqrt{x+1}+\sqrt{2x+3}=1\right)\Leftrightarrow$$
$$\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x+1\geq0\\ 2x+3\geq0\\ x+1+2x+3+2\sqrt{(x+1)(2x+3)}=1\end{cases}\right)\Leftrightarrow$$
$$\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq-1\\ 2\sqrt{2x^2+5x+3}=-3x-3\end{cases}\right)\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq-1\\ -3x-3\geq0\\ \left(2\sqrt{2x^2+5x+3}\right)^2=(-3x-3)^2\end{cases}\right)$$
$$\Leftrightarrow$$
$$\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x\geq-1\\ x\leq-1\\ x^2-2x-3=0\end{cases}\right)\Leftrightarrow\left(\begin{cases}x=-1\\ x=-1\ \text{yamasa}\ x=3\end{cases}\right)\Leftrightarrow(x=-1)$$

Durıs juwap: $\{-1\}$

Joqarıda kórilgen mısallarda oqıwshılar máseleniń durıs hám nadurıs sheshimlerin, sonday-aq olardı hár qıylı usıllarda sheshiliwin úyreniw arqalı keleshekte qáte jibermew uqıpların iyeleydi.[2-4]

Mektep ámeliyatında derlik barlıq waqıtta oqıwshılarǵa qáteler bolmaytuǵın tapsırmalar beriledi. Bul oqıwshılarda barlıq bildiriwlerge, kórsetpelerge, tapsırmalarǵa, hátteki oqıwlıqta da keltirilgen mısal hám máselelerdiń barlıq juwaplarında shekten tıs iseniwdi keltirip shıǵaradı.

Turmıs tájiriybesinde sızılmalar, sxemalar, esaplawlar hám t.b. qáteler bolıwı múmkin. Eger olardıń berilgenlerge kritikalıq kóz qarasta bolıwdı úyretpesek, onda jumısta úlken qáteler, jaramsızlıq bolıwı múmkin. Bunnan qutılıw ushın oqıwshılarda berilgenlerdi analizlew uqıbı, ushırasatuǵın qátelerdi hám qátelik jaǵdaydı ańlaw uqıblıǵın qaliplestiriw kerek boladı.

## Ádebiyatlar

1. Alixonov S. Matematika óqitish metodikasi Qayta ishlangan II nashri. T., «Óqituvchi» 1997 yil.
2. Asqarov M., Eshanov M., Madireymov I. Algebra hám matematikalıq analiz tiykarları páninen máseleler hám shınıgıwlar toplamı. Oqıwlıq qollanba. Nókis-2001j. (74 bet).
3. Dalinger V.A. Nachala matematicheskogo analiza. Tipichnıe oshibki, ix prichinı i puti preduprejdeniya: uchebnoe posobie. – OMSK: Izd-vo OOO «Izdatel-Poligrafist», 2002. – 158 s.
4. Qurbanbaev O., Asqarov M., Jakaeva K. Algebra hám analiz baslaması. Akademiyalıq litsey oqıwshıları ushın qollanba. Nókis-1999j.,6,75 baspa tabaq.(106 bet).



**REZYUME**

Maqolada matematikani óqitishda xatolar ustida ishlash usullari va metodlari kórsatilgan**.**

**РЕЗЮМЕ**

В статье описаны методы и приёмы работы над ошибками в преподавании математики.

**SUMMARY**

The article describes the methods and techniques of working on errors in the teaching of Mathematics.


# МЕКТЕП ОҚЫЎШЫЛАРЫНЫҢ ҲУҚЫҚЫЙ МӘДЕНИЯТЫН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕ ҲУҚЫҚ ПӘНЛЕРИН ОҚЫТЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ


**Б.И.Арзиева –** *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** конституция, демократия, ҳуқуқ, маданият, иммунитет, онг, педагог, синф, тарбия, социализация, шахс, дарс, фуқаро.

**Ключевые слова:** конституция, демократия, право, культура, иммунитет, сознание, педагог, класс, воспитание, социализация, личность, субъект, гражданин..

**Key words:** constitution, democracy, law, culture, immunity, consciousness, pedagogue, class, upbringing, socialization, personality, subject, citizen.


Жәмийетимизде хуқықый мәдeният тийкарларының қәлиплесиўи, биринши гезекте, елимизде пуқаралық жәмийети қурылыўы хәм демократиялық раўажланыўының гиреўи есапланады. Бул процесстиң нәтийжелилиги пуқаралар, әсиресе, жаслар хәм жас өспиримлер арасында кең нәсиятлаў ҳәм оқытыў менен тығыз байланыслы. Бул хаққында Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019- жыл 9- январьдағы ПФ-5618-санлы «Жәмийетте ҳуқықый сана ҳәм хуқықый мәдениятты көтериў системасын түптен беккемлеў ҳаққында» ғы Пәрманында «Пуқаралардың хуқықый санасы ҳәм хуқықый мәдениятын күшейтиўге байланыслы жумыслар нәтийжелилигин және де раўажландырыў, пуқаралардың социаллық-сиясий өзгерислер менен биргеликте хуқықый билимлерин асырып барыўдың заманагөй усылларын пайда етиў, сондай-ақ, әсиресе жаслардың зыянлы мағлыўматлардан қорғаў бойынша беккем хуқықый иммунитетти қәлиплестириў» тийкарғы ўазыйпа етип белгиленген еди [2].

Ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў процесинде де социал-гуманитар пәнлер ишинде ҳуқық пәнлери айрықша орын ийелейди. Улыўма билим бериў мектеплеринде хуқық пәнлериниң оқытылыўы оқыўшылардың ҳуқықый билимин, хуқықый мәдениятын хәм хуқықый санасын қәлиплестириўде тийкарғы қурал болып есапланады.

Келешек әўладтың ҳуқықый мәдениятын, хуқықый санасын қәлиплестириў - демократиялық хуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жамийетин раўажландырыўдың тийкарғы шәрти болып есапланады. Усы себепли өсип киятырған жасларды кәмил инсан дәрежесинде тәрбиялаў, олардың хуқықый санасын қәлиплестириў, хуқықый мәдениятын раўажландырыў жәмийет ағзаларының, соның ишинде, хуқықтаныўшы оқытыўшылардың тийкарғы ўазыйпасы болып табылады. Өзбекстанда усы тараўдағы ис-илажлардың хуқықый тийкарлары жаратылған. Мысалы, 1997- жылы 25-июньда «Ҳуқықый тәрбияны жақсылаў, халықтың хуқықый мәдeният дәрежесин көтериў, хуқықтаныўшы педагог кадрларды таярлаў системасын тереңлестириў, жәмийетшилик пикирин үйрениў жумысларын жақсылаў ҳаққында»ғы, «Жәмийетте хуқықый мәдениятты жетилистириў ҳаққынды»ғы Биринши Президент пәрманлары, сондай-ақ, жоқарыда келтирилген, 2019-жыл 9-январьдағы «Жәмийетте хуқықый сана ҳәм хуқықый мәдениятты көтериў системасын түптен беккемлеў ҳаққында»ғы 5618-санлы Президент пәрманы ҳәмде 2019-жыл 31-декабрь кунги Министрлер Кабинетиниң «Үзликсиз мәнаўий тарбия концепциясын тастыйықлаў ҳәм оны әмелге асырыў исмлажлары ҳаққында»ғы 1050-санлы қарары жаслардың хуқықый мәдениятын, хуқықый саўатлылығын, хуқықый тәрбиясын жетилистириўде үлкен әхмийетке ийе.

Хуқық пәнлери улыўма билим бериў мектеплериниң оқытыў процесинде үлкен әхмийетке ийе. Тийкарынан, хуқықый мәдениятты қәлиплестириў басланғыш класслардан басланып, бул пәнлер оқыўшыларда әдепикрамлылық, улыўмаинсаныйлық түсиниклер, Ўатанды сүйиў, патриотизм, мийнет сүйгишлик ҳәм т.б. түсиниклер менен биргеликте, демократиялық жәмийетке тән болған хуқықый әмелият тийкарларын, яғный, ҳәр бир оқыўшының өз хуқықларын билип, түсиниўи, мәмлекеттиң символларын ҳүрмет етиўи, әмелдеги ҳуқық нормаларын үйренип ҳәм оларға бойсыныўы, өзгелердиң хуқық ҳәм еркинликлерин ҳүрмет етиўге тәрбиялайды.

Улыўма билим бериў мектеплеринде 5-7- классларда «Конституция әлемине саяхат» пәни оқыў жылы даўамында 17 саат көлеминде, жоқары классларға келип, яғный 8- класста «Өзбекстан Республикасы мәмлекет ҳәм хуқық тийкарлары», 9- классларда болса, «Конституциялық хуқық тийкарлары», ал 10-11- классларға келип «Мәмлекет ҳәм хуқық тийкарлары» пәнлери ҳәр бири улыўма жыллық 34 саат көлеминде өтиледи. Мектеп оқыўшыларының хуқықый мәдениятын, тәрбиясын қәлиплестириўде, олардың билимин жетилистириўде басқа да социаллық-гуманитар пәнлерде оқытылады.

Улыўма билим бериў мектеплеринде балаларға дәслепки жыллардан баслап-ақ Конституция негизлери, оның тийкарғы бөлимлери ҳәм нормалары хаққында түсиниклер берип барылады. Бул оқыўшылардың социализацияланыўы (бейимлесиўи) бойынша ең биринши ис-хәрекет болып табылады. Бир қатар қәнигелер хуқықый тәрбия – шахстың хуқықый социализацияланыўы процесиниң ажыралмас бөлеги болып, хуқық талапларын ҳүрметлеў, олардың регулятивлик (тәртиплестириў) функцияларын тән алыўы» деп түсиндиреди [3]. Баслаўыш классларында алған хуқықый билимлер орта классларда даўам етип, Конституцияда көрсетилген базы бир нормалар тереңлестирилип үйрениледи. Бул дәўирде шахстың тийкарғы хуқықлары, еркинликлери ҳәм миннетлери үйрениледи, сондай-ақ, улыўма инсаныйлық нормаларды қәлиплестириў менен биргеликте алып барылады. Усы жерде айтып кететуғын